

Konsèy pou fanmi pou ede pitit yo ki gen andikap pa mwayen vityèl

Dabò sonje wòl ou se yon wòl paran. Pitit ou a bezwen fanmi an.

- Pwofesè yo toujou ap anseye, yo jis ap fè, sou yon fòm vityèl, ak yon orè diferan. Sa ka pote konfizyon pou elèv yo si fanmi yo ap eseye jwe wòl pwofesè.
- Eksplike pitit ou a pwofesè yo a toujou pwofesè yo, epi ou an kominikasyon avèk pwofesè a pou ede yo aprann lakay. Pandan ou kapab santi w ap sibi plis presyon akòz pitit ou a lakay la, eseye wè sa kòm yon fason diferan pou ede timoun ou an aprann.

Ranje yon espas konfòtab lakay ou pou aprantisaj la. Pandan lekòl fèmen pou COVID-19 la se yon sityasyon tanporè, sanble sa ka pwolonje si sa nesèsè pou kenbe moun yo an sekirite.

- Chwazi yon kote kip a gen distraksyon nan kay la pou aranje yon espas aprantisaj. Gen elèv ki yon kote ki pezi nan chanm yo, pandan gen lòt ki bezwen kontwòl ak èd tanzantan.
- Sonje li pa nesèsè pou pitit ou a chita bò yon pou li aprann. Zòrye, yon kote atè, kouche sou yon divan, oswa menm yon boul yoga ka bay pitit ou a yon konfò anplis pandan l ap aprann. Ou kapab ede elèv ki gen bezwen sansoryèl fason sa a.
- Panse a sa pitit ou a ap bezwen pou ede l aprann epi planifye pou bezwen sa yo. Depi ou gen yon espas, reyini materyèl tankou kaye, kreyon, kalkilatris, oswa lòt kalite materyèl pitit ou ap bezwen pou ede l, epi asire w yo alapòte.

Fè yon orè. Orè enpòtan pou ou menm ak pou pitit ou a, espesyalman si se lakay ou travay tou. Defini atant ak objektif ki klè ak pitit ou a.

- Kenbe lè pou al kouche ak woutin chak jou yo entak, epi travay ak fanmi w pou fè yo pwogram aprantisaj chak jou lakay. Pou kèk elèv, sa ka vle di suiv pwogram lekòl yo depre tank sa posib, sitou si klas yo reyini vityèlman pa mwayen videyo.
- Kèk pwogram ak kèk objektif ka mande prezante sou fòm imaj. Mande pwofesè pitit ou a pwogram kou a, poste li, epi suiv li depre tank ou kapab. Gen elèv k ap bezwen èd, tankou istwa sosyal, pou fè menm ti ajisteman nan pwogram nan, kidonk se pou ou pasyan epi koyeran tank ou kapab. Poste objektif klè ou menm ak pitit ou mete nou dakò sou yo.
- Ou ka bezwen yon lis aktivite chak jou, yon fason pou pitit ou a ka tcheke chak bagay li fin fè. Si ou dekoupe pwogram nan, ekri oswa fè foto lè kòmansman ak lè finisman chak seksyon, epi kole yo akote revèy la youn alafwa kapab ede pitit pou a gade jounen an ak fason l ap pwogrese pa rapò ak objektif li yo.

Bay poz ak tan pou rekreyasyon. Pi fò timoun pa rete konsantre pou lontan, sa kapab ka pi vre toujou pou timoun ki gen andikap. Anpli plan edikasyon pèsònèl pou timoun gen aranjman pou poz tanzantan, sa ap aplike pou aprantisaj lakay tou.

- Poz yo se bon moman pou pèmèt pitit ou fè aktivite prefere li oswa pou pran ti goute.
- Rekreyasyon enpòtan anpil tou, menm si li ka parèt yon ti jan diferan lakay. Si pitit ou a pa kapab jwe deyò, ou kapab itilize pwogram egzèsis pou konsòl videyo, oswa ale sou chèn videyo sou YouTube oswa <https://www.gonoodle.com/>. Si pitit ou ap fè terapi fizik oswa terapi okipasyonèl, ou ka sèvi ak sigjesyon terapèti li pou egzèsis l ap fè lakay yo.
- Se yon bon lide pou ou itilize yon kwonomèt pou siyale lè yon poz fini. Si pitit ou a bezwen yon kwonomèt vizyèl, ou kapab telechaje youn isit la: <https://www.online-stopwatch.com/classroom-timers/>.



Chache enfòmasyon sou enklizyon epi kontakte fasilitatè lokal yo sou:

www.FloridaInclusionNetwork.com

Limite distraksyon. Frè ak sè, jwèt, tablèt, emisyon televizyon, oswa lòt distraksyon kapab detounen atansyon pitit ou a de travay lekòl la.

- Eseye limite bagay ki ka distrè tan poz ki pwograme yo. Mete yon kwonomèt pou siyale lè yon poz fini.
- Eseye jwe mizik ki gen 50-80 batman pa minit ann aryè plan, tankou mizik klasik, son lanati, oswa mizik jwèt videyo (san imaj natirèlman). Yo dekouvri mizik gen yon enpak pozitif sou pwodikтивite ak konsantrasyon. Ou ta ka wè mizik ede w konsantre w plis epi fè w pi pwodikтив tou.

Ankouraje sosyalizasyon. Menm si rankont pou jwe pa rekòmande, ou ta dwe jwenn fason pou fè pitit ou a kominike ak fanmi a, zanmi l ak kamarad li.

- Ankouraje konvèzasyon videyo ak FaceTime. Ou kapab oblije travay ak lòt fanmi pou aranje sa, selon laj pitit ou a oswa kapasite l pou fè sa pou kont li. Menm pou adolesan, pafwa kominikasyon pa mesaj tèks oswa medya sosyal pa sifi.
- Anplis, rezève oswa pwograme yon tan pou fanmi imedya w oswa fanmi elaji w kominike oswa rapwoche, menm si se vityèlman.

Pase tan lwen ekran. Twòp efò sou je, reflè ekran, epi rete san bouje bay fatig.

- Itilizasyon platfòm aprantisaj vityèl dwe gen ladan l moman san ekran kote w ap itilize liv, desen, ekriti, ak lò mwayen aprantisaj. Pitit ou a ka bezwen pou ou enprime paj pou li, oswa liv sou papyè, yon fason pou li kapab itilize tep makè yo ka retire oswa band gid lekti, si sa nesèsè.
- Ranfòse kontni leson an ak aktivite ak eksperyans pratik lakay. Si elèv ki gen andikap fè koneksyon sa yo sa ap ede yo.

Jwenn oswa kreye rezò èd. Ou pa poukont ou. Tout moun ap fè eksperyans sa a, kidonk, kontak ap pèmèt ou jwenn nouvo resous, ide, oswa yon senp konfò.

- Pwofesè elèv ou a/yo, founisè sèvis ki an rapò, terape, ak lòt pwofesyonèl toujou disponib pou ou pou ba ou sa pitit ou bezwen pou ede l aprann, menm si li parèt diferan de sa yo gen abitud fè. Y ap travay di pou yo vin kreyatif nan fason pou yo bay elèv ki gen andikap yo sèvis nan yon fòm vityèl.
- Lòt fanmi ap fè fas ak menm difikilte yo. Si ou pa gen aksè a yon gwoup vityèl pou fanmi, mande pou yo kreye youn pou ou kapab konekte ak lòt fanmi pou n pataje eksperyans ak solisyon.

Mande èd. Pandan n ap evite rete kenbe distans nou ak lòt moun epi fanmi yo ak pwofesè yo ap fè tout say o kapab pou kontinye ak edikasyon an, anpil ajans ak òganizasyon ap sispann frè pou resous sou entènèt yo tanporèman pou ka genyen anpil resous.

- Sitwèb lekòl yo ak distri yo, òganizasyon elèv ki gen andikap, ak medya sosyal yo bay anpil aksè a sitwèb ak pwogram pou sipòte aprantisaj pou elèv ki gen andikap ou pa. Twòp resous, s aka mete w nan abara, kidonk chwazi youn oswa de, epi gade kòman sa mache.
- Pwofesè elè ou ak founisè sipò yo ap pataje resous yo avèk ou tou. Si ou bezwen sigjesyon, oswa gen yon bagay ki pa ale byen, pa ezite kontakte yo.

Se pou pasyan - ak pitit ou a, ak sistèm nan, ak pwofesè yo, epi ak tèt ou. Sa se yon moman espesyal, epi pa gen pèsòn ki pafè. Ap gen echèk, difikilte teknolojik, ak kesyon k ap rete san repons. Men demen sa ap yon nouvo jou, kidonk rete pozitif, an sante epi konsantre.

Glosè ak Tèm

Akomodasyon – Chanjman nan fason yon timoun aprann. Tan siplemantè, poz tanzantan, pa twòp kesyon, oswa diferan fason pou reponn se kèk egzanp. Pou plis enfòmasyon:

<http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7690/urlt/0070069-accomm-educator.pdf>

Dispozitif èd – Nenpòt eleman oswa ekipman ou itilize pou ogmante, kenbe, oswa amelyore kapasite fonksyonèl yon timoun ki gen andikap.

Plan edikasyon pèsònèl – Yon plan ekri pou chak timoun ki gen andikap yo devlope, analize, epi revize dapre lalwa federal.

Terapi okipasyonèl – Yon fòm terapi ki konsantre l sou aktivite lekòl, tankou ekriti, pou moun pran swen pwòp tèt yo, oswa fòs men pou ogmante fonksyonman endepandan pou elèv ki gen andikap.

Terapi fizik – Yon fòm terapi ki konsantre l sou mobilite ak mouvman pou timoun ki gen andikap ki bezwen èd pou yo deplase nan espas fizik.

Aktivite prefere – Nenpòt bagay yon timoun anvi fè anpil.

Band gid lekti – Yon band lekti transparan, an koulè, yo itilize pou ede timoun ki gen difikilte pou kenbe plas yo lè y ap li.

Sèvis ki an rapò – Sèvis ki nesèsè pou ede yon timoun ki gen andikap, tankou terapi langaj, sèvis odyoloji, sèvis entèprèt, terapi fizik ak terapi okipasyonèl, rezo sosyal, sèvis konsiltasyon sikolojik, oswa sèvis oryantasyon ak sèvis mobilite.

Tep makè yo ka retire – Yon lòt mwayen ou kapab itilize pou make pati mo, kategori mo, mo vokabilè, ponktyasyon, prefiks, sifiks, eksetera, san ou pa itilize makè an plim.

Bezwen sansoryèl – Difikilte ou rankontre lè w ap resevwa oswa reyaji a enfòmasyon apati sans yo. Timoun ki gen bezwen sansoryèl kapab rayi nenpòt bagay ki active sans yo, tankou limyè, son, touche, gou, oswa sant.

Istwa sosyal – Ti istwa pèsonalize ki dekri yon sityasyon sosyal pitit ou ki gen otis ka rankontre, ansanm ak fason pitit ou a ka jere yo.

Platfòm aprantisaj vityèl - Sistèm sou entènèt ou kapab itilize pou anseye. Egzanp: Google Classroom, Office 365 Teams, iReady, Zoom.

Kwonomèt vizyèl – Yon bagay yo itilize pou montre tan an k ap pase, sou fòm chif, yon woulèt koulè oswa yon likid luil k ap disparèt.